НЕСИБЕЛИ МАМБЕТИРЗАЕВА

# ДИЙДАР УШЫН ШАРЛАЙДЫ ДҮНЬЯ

НӨКИС
«БИЛИМ»
2016

www.ziyouz.com kutubxonasi

[illegible]

**Н. Мамбетирзаева. Дийдар ушын шарлайды дүнья.** Нөкис, «Билим» баспасы, 2016-жыл. 56 бет.

**УОК 821. 512. 121-1**
**КБК 5 Қар**
**М-35**

[illegible] Мамбетирзаеваның «Дийдар ушын шарлайды [illegible] бул топламында туўылған жерге, ата-анаға, сүйикли [illegible] туйғылары кең ашып берилген.

[illegible] перзенти болып қәлем тербетип киятырған жас [illegible] йошлы пәрўазлар тилеймиз.

Пикир билдириўшилер:

[illegible] — *шайыр, Қарақалпақстанға мийнети сиңген журналист;*

[illegible] — *Қарақалпақстан халық шайыры.*

[illegible]

© **Н. Мамбетирзаева, 2016.**
© **«Билим» баспасы, 2016.**

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОЛҒАНЫС

Теңиздей толқысып тасқым келеди,
Кенарымнан шығып, қашқым келеди,
Дәртимди түсинбес ғәрип инсаным,
Сахралардың шөлин басқым келеди.

Жаныма азықдур қуслар сайрауы,
Биймәни сәубетлер жанды қыйнады,
Бүгин мыңлар ара излеп өзимди,
Көрдим жалғызланып қалған дүньяны.

Гүл ийисине гүллер мәс бола алмас,
Ийт пенен пышықлар дос бола алмас,
Қарама-қарсылықлы өмир тартыслы,
Мениң кеўлимде де басланған саўаш.

Нәпсиге сатылсам, ҳүжданым жылар,
Таслы, тикенекли ҳақыйқат жоллар,
Жақсы болыў қыйын, жақсылық арзан,
Жаныңа мың жамаў жамаған жыллар.

Қалай жасаў керек, билмей сарсаңман,
Нәкаслар алдында қәдири арзанман,
Тәрезиге тартса ай менен мени,
Айды аман сақлап турған аспанман.

Кимге сая болдым, кимге күн болдым,
Урылар адасар қара түн болдым,
Адамлар адамды аңламаған соң,
Әсирлер аралап жүрген муң болдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘКЕМЕ

Әке, жаным әке, айбатым, арым,
Кешир, қайталамадым аўылға бүгин,
Жол жүрипсиз алпыс еки шақырым,
Және менсиз өтти туўылған күниң...

Перзентим деп кешкен өмириңизге,
Бир күн сыйлалмады гүналы қызың,
Медаль тақса арзыр өңириңизге,
Болсам аспаныңда жарық жулдызың.

Маликасы өзим арзыў елиниң,
Узаққа ушырдым қыял қусларын,
Дүнья аяғыма жығылды, лекин,
Сизге бир арзырлы хызмет қылмадым.

Қай сөзге жан берип, тилек айтайын,
Тилиме көшпеген қайсар кеўлим-ай,
Қайтайын, жақсысы, үйге қайтайын,
Отлы дәрт қойнында жаман күйдим-ай!

Аққуўдай ақ шашы ушып самалда,
Есиктиң алдында күтеди анам,
Сиз еки көпшикти дастанып төрде,
Саўлат төгип отырасыз, әкежан!

Алдыңызға барып, бас ийер илҳам,
Сонда мен аңлайман ғәриплигимди,
Желкеңизге басым қойып, әкежан,
Жубанаман сезип мийримиңизди.

Шөгип кетпесин деп, нәзик қызыңды,
Тәңирим жаратқандур сизди таў қылып,
Қуласам бәленттен қулайман, әке,
Меҳрим менен өмир гүлин суўғарып!

Мен асырап қаламан кексе дүньяны,
Жақты нур шашаман ай болып түнде,
Сиз жаққан мәңгилик от екенимди,
Аңлайман, әйне сиз туўылған күнде!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУҲАББАТ

Кеўилинди жаўлап аламан,
Саў басыңа саўда саламан,
Жан дүньяңа султан боламан,
Муҳаббатпан, отлы муҳаббат!

Күлдиремен қәлесем сени,
Сөндиремен қәлесем сени,
Көндиремен қәлесем нени,
Муҳаббатпан, отлы муҳаббат!

Жоқ жерден бар болып жаралған,
Ерте бәҳәр желдей таралған,
Жер жүзине тийген ылаңман,
Муҳаббатпан, отлы муҳаббат!

Даўа излеп мыңлар сайылдур,
Жолым күткен дәртли шайырдур,
Қудиретиме дүнья қайылдур,
Муҳаббатпан, отлы муҳаббат!

Мен көзлерде жанған жалынман,
Тамырыңда аққан ыссы қан,
Пайғамбардан алдын туўылған,
Муҳаббатпан, отлы муҳаббат!

Жүрек тарын шерткен жыраўман,
Жуўабы жоқ қыйын сораўман,
Шашларыңа қонған қыраўман,
Муҳаббатпан, отлы муҳаббат!

Менсиз бир дем жасай алмайсаң,
Мен әлемниң жүрегидурман,
Мени өзиң жараттың инсан,
Муҳаббатпан, гөззал муҳаббат!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕТЕЙИК

Кетейик, сүйиклим, қарамаң изге,
Сизге пүткил жәҳән боламан өзим,
Исенбең ғәнимлер айтқан сөзлерге,
Муҳаббат алдамас бизди, әзизим.

Ойланбаң, айралық торын бузамыз,
Гөззал дийдар бағын пайда етейик,
Кеўлимиз бирлескен үйге барамыз,
Бахыт бермес дүньясынан кетейик.

Қыйнамаң жүректи артық шыдамас,
Неге керек қайғы, кимге керек дәрт!?
Қәддиңди дал қылған көзиңдеги жас,
Менсизлик келтирер сен ушын апат.

Сенсиз жасаў маған бәринен жаман,
Кеўлимде келбетиң, тилде атыңыз,
Аманат дүньяда болайық аман,
Таңларды оятсын муҳаббатымыз!

Кетейик, қолыңды бергил әзизим,
Жасаймыз жаратқан өз дүньямызда,
Бизди ажыраталмас ҳәттеки өлим,
Бахыт келин болар босағамызда.

## ЖҮРЕК

Бәлки сени тастан жаратқан қудай,
Бәлки сени қастан жаратқан қудай,
Бәлки сени растан жаратқан қудай.
Мың өлип, қайтадан тирилген жүрек.

Бәлки сен саҳрасаң шөли қанбаған,
Бәлки бәлент шыңсан бүркит қонбаған,
Бәлки айсаң баўры пүтин болмаған,
Жүзде дақ не пүткил күйдиңғо жүрек.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Яки тулпарсаң ба суўлық шайнаған.
Бултпедиң көзде жасы тынбаған,
Теңизбедиң самал менен ойнаған?
Бир тынып тыншыўды билмеген жүрек.

Бәлки сен гүл жүзин жасырған дилбар,
Бәлки сен қол тийсе үзилетин тар,
Бәлки сен жынаят қылған айыпдар,
Не ушын қәпеске мықландың жүрек?

Бәлки сен дүньяны тән алмас қайсар,
Шамдурсаң өмирин жандырып таўысар,
Уллы ҳақыйқатсаң сеннен қарыздар,
Бир қулың боламан, әмир ет жүрек.

## БИЗДИ ТҮСИНБЕС

Сен туўралы узақ ойлайман,
Жалықпайман бул истен ҳеш те,
Кеўилиме сени жайлайман,
Сездирмеймен лекин ҳеш кимге.

Мен туўралы узақ ойлайсаң,
Көкте айға сырласып түнде,
Сағынышта жаның қыйнайсаң,
Сездирмейсең бирақ ҳеш кимге.

Мени көплер қыялпараз дер,
Сени болса теңепти гүңге,
Сырымызды кең жәҳән билер,
Тек айтпаймыз бир-биримизге.
Неге?

Муҳаббаттың көзи көрмейди,
Қулағы да еситпес және,
Ол ҳәттеки сөйлеп билмейди,
Бизди-бииздей түсинбес өзге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неге сени жақсы көремен?
Жуўабы жоқ сораўым делбе,
Сүйиў ушын себеп шәртпекен,
Ашық билмес ашықдур неге?

Бәлки шыннан қыялпаразбан,
Өлмес үмит жасар жүректе,
Қонақ келер деген ырым бар:
Үй алдында шықылықлар ҳәкке.

Таўда булақ көз ашты ма яр?
Жол алдың ба саҳраң тәрепке?
Көзлеринде кеўилиң жасар,
Мүтәж емес сезимлер сөзге,
Бизди биздей түсинбес өзге!

## ЖАМҒЫР НАЛАСЫ

Тереземди шертеди жамғыр,
Тынышлығы бузылар түнниң,
Узақларға қыялым қаңғыр,
Аяқ сести еситилер кимниң...

Саябансыз сыртқа шығаман,
Саябансыз өтти жылларым,
Шоршып кетип гүлдирмамадан,
Бултларға үнлес жыладым.

Сиңип кеткен түнниң қойнына,
Бир дийдарды күтемен еле,
Шығып келсе деймен жаныма,
От түседи аспан көксине.

Жақтыланар қара түн қойны,
Көринбейди ҳеш кимсе жолда,
Үмит сөнер шақмақ яңлы,
Жанды өртер түнги симфония...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жерди шертер майда тамшылар,
Бир музыка жаңлар қайғылы,
Жүрегиме недур шаншылар,
Кеўил қәлер қосық айтыўды.

Умытпадым өтсе де жыллар,
Сиңип кеттиң өмириме сен...
Терезеңди ашып қара, яр,
Бултларға айланғанман мен.

Мениң ерким самал қолында,
Қайда қуўса сонда желемен,
Өмирим өтип, төгилер болсам,
Терезеңди шертип өлемен!

## ҚАЙТАДЫ

Үмит етип шаршамас кеўлим,
Өзге бағды шарламас кеўлим,
Муҳаббатын қорламас кеўлим,
Кеўлим ушын бәҳәр қайтады.

Таўсылмас күш берип қудайым,
Салдым бәлент сабыр сарайын,
Узақларға нәзер салайын,
Сапар шеккен кәрўан қайтады.

Өз көксине сыймаған булақ,
Тастан тасқа барады қулап,
Мөлдир суўлар қосығын тыңлап,
Таўлардан да сада қайтады.

Ким ушындур аманат өмирим,
Қыянетке жол қоймас кеўлим,
Дуз несип деп, мениң сүйгеним,
Несийбеси ушын қайтады!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДҮНЬЯНЫҢ ПЕРИШТЕЛЕРИ

Сабырлысыз, мәртсиз жыламаң ҳаял,
Көзи жасқа толған дүнья жыласын,
Сиз күлиң, қуяштай нурлар таратып,
Дәрттиң музлап жатқан тауы қуласын.

Ҳәййиу айтың ана, тербеп дүньяны,
Бахытлы демлерин сағынсын инсан,
Бултлы болмағай кеўил аспаны,
Меҳриңнен нур алып, атсын ҳәр бир таң.

Тәрийпиңе жетпес сөздиң қүдирети,
Ғәрип шайырлығым үстинен күлдим,
Яқ, мен шайыр емес, жәмийет гүли,
Бүгин уллылығым сезинип келдим.

Сизди қәдирлеймен, әзизим ҳаял,
Сизге муҳаббатым шексиздур, ана,
Тилегим, ҳеш қашан, сүрникпеңизлер,
Сизлерге арқасын сүйеп тур дүнья!

## ӘЗИЗИМ

Күлимлеген келбетиң
Көз алдымнан кетпейди,
Сен ҳәммеден жақсысаң,
Саған ҳеш ким жетпейди.

Жүрсеңдағы жанымда,
Кеўлим қарар таппайды,
Қызлар менен күлисип,
Сөйлескениң жақпайды.

Гүзетемен тасадан,
Көринбесем излейсең,
Тоқнасқанда бирақта,
Өзинше сыр бермейсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен де мени сынайсаң,
Даўам етер бул ойын,
Кеўлиңдегин айтпайсаң,
Қыйын маған, дым қыйын.

Жигит сүйсе алар, — дер,
Сонындай зор бул имкан,
Қыз унатса қалар, — дер,
Лекин, өзгерди заман.

Жар салып кең әлемге,
Ашықлығым айтаман,
Сөнген ышқы қуяшын,
Оятаман қайтадан.

Қосық болып туўылып,
Есигиңди қағаман,
Гүлдей гөззал сөз жасап,
Кеўилиңди табаман.

Менсиз жасай алмайсаң,
Менсиз жасаў дым қыйын,
Еле буны аңлайсаң,
Сағынасаң әзизим.

Жар салып кең әлемге,
Ашықлығың айтасаң,
Ықрар болып ышқыңа,
Сен жаныма қайтасаң.

Мен һәммеден жақсыман,
Муҳаммедтиң үммети,
Жақсы болдым сен ушын,
Муҳаббаттың қүдирети!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДИЙДАР УШЫН ШАРЛАЙДЫ ДҮНЬЯ

Басым айланғанда, айланды дүнья,
Ой түбине шөксем, ойланды дүнья,
Ғам-тәшўиш таслары бүгип қәддимди,
Мен қыйналғанда, қыйналды дүнья.

Шадлы күлгенимде дүнья ҳәм мәсдур,
Жыласам оның да көзинде жасдур,
Қәҳәрим келтирсе базы адамлар,
Шеригим дүнья да оларға қасдур.

Йошлансам дүнья да йошып кетеди,
Таўсылмас қызықлы шадлы ертеги,
Көзимнен кеўлиме көшип өткендур,
Мениң өмиримде оның ертеңи.

Кимдидур күткенде сарғайды дүнья,
Бәрҳә мениң жырым толғайды дүнья,
Сағындым өзиңди, сағындым, жаным,
Сени дийдар ушын шарлайды дүнья!

## ЫҚЫРАРЛЫҚ

Муҳаббат таўларға жасырдым сени,
Булақ болып, атылдың тас көксинен,
Муҳаббат қәлбиме жасырдым сени,
Қуяш болып, қалқып шықтың көзимнен.

Сыр сақла деп тилди тислеп қан еттим,
Қосыққа айланып, уштың да кеттиң,
Ашықлығым кең жәҳәнге паш еттиң,
Услап қалалмадым жаным ишинде.

Саған шексиз мүтәжлигим бар енди,
Жеңилдим, муҳаббат, жалғыз өзиңе.
Шексизлик ишине жасырдың мени,
Ҳеш ким табалмайды, ҳәтте өзим де.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЎИЛ СӨЗИ

Қуяшка тик қарап болмайды,
Жулдызларды санап болмайды,
Әлем шексиз, мал-дәўлет шексиз,
Кеўил кемтик, жамап болмайды.

Қайтқан теңиз бир күн толады,
Аппақ арзыў қусы қонады,
Кеўил толмас, ол сынған шийше,
Кеўил қалса, жаман болады.

Бир пул билсең дүнья кеңлиги,
Инсаниятқа жоқдур теңлиги,
Кеўил гүлин ерте солдырар,
Меҳир деген суўдың кемлиги!

Ашыў-душпан, буўсаң нетеди,
Нәпси ийтин қуўсаң нетеди,
Мийман болып келген адамзат,
Бес күн шыдап турсаң кетеди.

Бир күн өлим жоллар сәлем хат,
Аңла, достым өмир — аманат,
Кеўиллерди абат әйлегил,
Бул Тәңириге болған муҳаббат!

## МУҲАББАТЫҢ ОЯТСЫН МЕНИ

Жалғызлықтан таппадым мәни,
Қыял сүрип, жолға тигилдим,
Үйрет маған жанып сүйиўди,
Сағыныўды үйрет, әзизим!

Көзлериңе шөгип кетейин,
Сөзлериңе жасырнайын мен,
Жүрегиңе барып жетейин,
Пәк ышқыңа табынайын мен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Умытайын турмыс тәшўишин,
Ертеклерге алып кет мени,
Бул туўры жол, бул соңғы шешим:
Мыңлар ара таңладым сени.

Арзыўларға жеткер бир демде,
Шадлығымның болмасын шеги,
Ҳәўес етсин периштелер де,
Көрип бахыт тахтында мени!

Алтынларға сатылмас нәрсе —
Меҳир сыйла, болғыл опадар,
Уқсамайсаң, жаным, ҳеш кимге,
Муҳаббатың сениң бийтәкрар!

Сол муҳаббат отлы қуяштай,
Көзлеринде таң болып атсын,
Нурға бөлеп ғәрип өмиримди,
Илтимасым, мени оятсын!

## МУЗЫКА

Жансыз саат жанлы сөйлейди,
Тәкрарланар бийтәкрар қосық,
Неге көзге уйқы келмейди,
Тық-тық,тық...

Талпынаман алда жүриўге,
Гейде меннен озады ўақыт
Аттай шаўып киятыр және,
Тық-тық,тық...

Жүрек сорар, илме-тесикли,
Қайларда мен излеген — бахыт?
Келер бир күн қағып есикти,
Тық-тық,тық...

Бахытлыман сени көриўден,
Қас-көзлери қап-қара жигит,
Саат тоқтап қалар жүриўден,
Жүрек урар, дүк-дүк, дүк.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## УШЫРАСЫЎ

Ай сығалар дарақ артынан,
Жағыўлы тур көкте мыңсан шам,
Ашықларды жасыра алмай,
Түн қарайып кеткен ашыўдан.

Шегирткелер шалар үшпелек,
Хабар берер: басланар бәзим,
Пүткил әлем тың-тыңлап ҳәлек,
Ашықлардың пинҳана сөзин.

Самал тоқтар, тынбай желиўден,
Еситесиз жүрек дүбирин,
Муҳаббаттың қәддин көриўден,
Дүнья шетке тартады өзин.

Илаҳий күш жасырын бунда,
Бул әлемниң биняд болыўы,
Өлимди мат еткен шынында,
Қос жүректиң бирге соғыўы.

## БИР СӨЗ

Еле мени излейди жәҳән,
Еле мени излейди илҳам,
Бир күн кетсем, сөзге жан берип,
Жасаў ушын туўылар имкан.

Қәдиримди билер адамлар,
Жүректен жай берер адамлар,
Өмирим сиңген қосықларымнан,
Меҳир гүлин терер адамлар.

Мен жасадым пәк нийет пенен,
Ғәрезлигим жоқдур ҳеш кимнен,
Кеширгенмен өзимнен басқа,
Инсанларды айып ис еткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еле мениң жолым узақдур,
Бәлки жәннет, бәлки дозақдур,
Миллион сөзди қурбан әйледим,
Бир сөз излеп, табыў азапдур.

Бир сөзден тур қуяш нурланып,
Бир сөзден тур әлем жаралып,
Жасағаным шындур өмирде,
Сөзде өлсем, сөзге оралып!

## ҚЫЯЛДАҒЫ ҚОСЫҚ

Қыялларым көшпесе аққа,
Ушып кетер түн қанатында,
Оянаман ҳайран, әптадал,
Бир әжип түс көргендей таңда.

Түн мен ушын үлкен сынаўдур,
Бәлки күлиў, бәлки жылаўдур,
Сөз аўлайман кеўил бағынан,
Олжам гейде өзиме жаўдур.

Туўры сөздиң тоқпағы болар,
Қара қазан қақпағы болар,
Дәрбент жолды излеме зинҳар,
Бәлент таўдың соқпағы болар.

Неге зәрүр бүркит көз саған,
Қанатың жоқ, ушыўың гүман,
Кеўил көзиң соқырдур, достым,
Бул дүньяны таныўың әрман!

Меннен аўҳал сорамағыл, қой,
Әсир еткен мыңсан қыял-ой,
Гейде саған ҳәўес етемен,
Ақмақ болып, жасаў аңсат-ғой!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУБАТЫЎ

Достым, аўыр дәртиң,
Сен үмитке мүтәжсең...
Шәрт қорқыўды жеңиўиң,
Шәрт өзиңди таныўың!
Ҳәзир сен — өзиң емессең,
Мәзи тири сүлдерсең,
Оят уллы арзыўды,
Мақсетиңе жетерсең!
Өлме тири ўақтыңда,
Кимлергедур тирексең!
Ҳақыйқатты айтайын:
Инсаниятқа керексең!
Жаратқыл өз дүньяңды,
Өзгерислер көп болар,
Сен өзиңди жеңген күн,
Душпанларың жоқ болар!
Кеўилиңе толтырғыл,
Меҳир атлы сезимди.
Қабыл әйле, әмел қыл,
Пәк нийетли сөзимди,
Шегарасыз бул әлем,
Шеклемегил өзиңди!
Қайта туўылыў сыры:
Бир жумып аш көзиңди.

## СОРАНАРЫМ КӨП

Жерде өнген киши шөп,
Көкке қарай талпынған,
Сизден соранарым көп,
Әпиў етиң, Қудажан!

Бийкар жасап шаршадым,
Бизге айдын жол бергил,
Уллы ышқы сорарым,
Жығылған дем қол бергил!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Толып кетсем кеўилди,
Босатқандай йош бергил,
Гүллендирер өмирди,
Садақатлы дос бергил!

Сүлдер емес, жан керек,
Сүўретке мәни бергил,
Нурға толы таң керек,
Дәртиме дәри бергил!

## СОҢҒЫ ИМКАН ҚУДИРЕТИ

Әжел келген екен түсимде,
Маған берип соңғы имканият,
Ким менендур сәўбетлесиўге,
Ықтыярымда қалған дым аз ўақыт.

Қыялыма сен ендиң сонда,
Алыс әрман, о алыс мәнзил,
Қуяш қалқып шыққандай таңда,
Үмит нурға бөленди кеўил.

Сағынышта сайқалланған сөз,
Ҳаўазымды таныдың бирден,
Бул сенбисең, сенбе қаракөз,
Дедиң: жүдә бахытлыман мен!

Сонша жыллар пинҳан сақлаған,
Сырын айттың, сүйгенлигиңди,
Ақшам айға, күндиз жолларға,
Қарап, дилгир күткенлигиңди.

Келе алмай жаныма излеп,
Биле алмай сырлы кеўлимди,
Мың бир сораў искенжесинде,
Өмириңди өткергениңди.
Айттың...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегимде жанды сен ушын,
Мың бәледен асыраганымда,
Әжел алар болды деп енди,
Өкинип зар жылаганымда.

— Қорқпа, — дедиң, — көз жасың те
Биз жазамыз өмир дәстанын,
Онда шадлық, бахыт бар, текте:
Өлим ушын болмайды орын!

## ҲАҚЫЙҚАТ ТИЛИНЕН

Миллион жылда дүньяны таптым,
Мен өзимди излеп келгенмен,
Ҳақыйқатпан, ҳақ сөзди айттым,
Жалганлардан тойып кеткенмен.

Тили менен жүрер адамлар,
Жасаў аңсат, жасаў бир ойын,
Жылап билмес, күлер адамлар,
Бул дүньяда өлиў дым қыйын.

Аягыңнан асар душпаның,
Басың менен жерди тирерсең,
Тамырыңда қайнайды қаның,
Көзлериңде жалын көрерсең!

Әждарҳага айланып бирден,
Жәҳәнге от қойгың келеди,
Кеўил қалган әлле кимлерден,
Дәрт-қайгыңды жойгың келеди.

Неге керек, жанды жәбирлеў,
Меҳириңди қалқан қыл, достым,
Ол алмаган шың барма айтқыл,
Ол даўасы мыңсан бир дәрттиң!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИСЕНИМ

Көкте қуяш күлип қарайды,
Ескен самал шашым тарайды,
Қуўаныштан толқысып теңиз,
Аяғыма келип қулайды.

Қуслар маған нама шертеди,
Дым қызықлы булақ ертеги,
Еске салар атам ақ шашын,
Таў басына кийген телпеги.

Желдей уйтқып атлар шабады,
Дойнағынан шақмақ шағады,
Бунша гөззал жаралған дүнья,
Ышқы отында мени жағады.

Жол тутасып жаңа жолларға,
Жетпектемен жаңа жылларға,
Өмиримниң ҳәр күни тарийх,
Толып тасқан жаңалықларға.

Қайда барсам гүллер күтеди,
Мың шам жағып, түнлер күтеди,
Жақсылықты сезеди кеўил,
Мени бахытлы күнлер күтеди!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎАТАН

Ўатан маған ийди балам деп,
Әлпешледи, сүйди балам деп,
Бас ийемен, жаным анам деп,
Меҳрибаным болалмас басқа.

Қушағыннан қоймады мени,
Нан, дуз бенен сыйлады мени,
Душпанлардан қорғады мени,
Маған пана болалмас басқа.

Кеўлимдегин айтпай түсинди,
Жеңил қылды мүшкил исимди,
Қәте қылсам және кеширди,
Онындай дос болалмас басқа.

Ўатан — тамырымда аққан қан,
Ўатан — жүректеги урған жан,
Ўатан — өмириме берген сән,
Шадлық, бахтым болалмас басқа.

Тәрийпине сөз жетпес, бирақ,
Туўылған жер — алтын топырақ,
Онда тамыр урған мен дарақ,
Маған тирек болалмас басқа.

## ҚАР ЖАЎҒАН КҮН

Сен мени күтип турсаң,
Нәзериң қадап жолға,
Мен сени көрип турман,
Жасырнып таса жайда.

Күн суўық музлап қалдың,
Қайтыўды ойламайсаң,
Тойғанша қарап алдым,
Не деген сымбатлысаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саатлар өте берди,
Гүрсиндиң, маңлай тиреп,
Адамлар кете берди,
Қызықпас, ким екен деп?

Қуяш та жанбаслады,
Түн келер сездирместен
Сен еле тик турыпсаң,
Үмитти сөндирместен.

Шаршадың, аш та болдың,
Аяқтан өтти ызғар,
Нар киби шөгип қалдың,
Ал мениң кеўлим музлар...

Ақыры кетер болдың,
Аспанда қалқып айдай,
Атыңды айттым зорға,
Жүректен жан шыққандай.

Жалт етип сен қарадың,
Көзимнен төгилди жас,
Тез келип қушақладың,
Меҳриңнен ериди тас.

Билинбей қалды суўық,
Түн емес ҳәзир таңдай,
Төгилер аппақ гүллер
Бизиң пәк ышқымыздай...

## СЕН КЕЛЕСЕҢ

Сен келесең — келгендей бәҳәр,
Қып-қызарып жүзиң уяттан,
Қой ойланба, қорқпағыл зинҳәр,
Бәҳәрден жүз бурмаған ҳеш жан.

Сен келесең — келгендей бәҳәр,
Хош ийиске толады әлем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гөззал сезим мәс қылған мәҳәл,
Шайыр алар қолына қәлем.

Сен келесең — келгендей бәҳәр,
Қанасына сыймайды жүрек,
Қайнаўытлап тасар дәрьядай,
Теңизине талпынса керек.

Сен келесең — келгендей бәҳәр,
Уйқыдағы ышқы оянар,
Түрли қуслар сайрап таң сәҳәр,
Мен айтпаған қосықты жырлар.

Сағындырып, неге кешиктиң?
Жолларыңда күттим интизар,
Ярды ыссы қушағыңа ал,
Мен гүллеўди қәлеймен, бәҳәр!

## ТУТАСПАҒАН ЖОЛЛАР

Сени кетти деди...
Жүрегим музлап кетти,
Шеккен жәбирим кембеди,
Сени кетти деди.

Пушайманлық көшеси тар,
Айралықта өтти жыллар,
Дийдар қомсап келгенде яр,
Сени кетти деди.

Көзлериме жас қалқыды,
Сөнди үмитим жалыны,
Қуда билер аўҳалымды,
Сени кетти деди.

Қайға басымды урайын?
Қалай кеўил жубатайын?
Қайлардан излеп табайын?
Сени кетти деди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдады тәғдир тағыда,
Келмеди бәҳәр бағыма,
Жүген едим сағына,
Сени кетти деди.

Ылағып шықтым далаға,
Дәртимди айттым саҳраға,
Мен оқып келген қалаға,
Сени кетти деди...

## БОЛМАС

Заманның өз заңы болар,
Арба жолдың шаңы болар,
Түнниң атар таңы болар,
Үмитти сөндирип болмас.

Дарақ жасай алмас суўсыз,
Көл шырайсыз үйрек-қуўсыз,
Аспан ғәрип жулдызларсыз,
Жалғызлық та мәни болмас.

Бәҳәр қайтар қуслар менен,
Өмир гөззал дослар менен,
Сырласып көп баслар менен,
Ақылды жыймасаң болмас.

Жип кесилер жети жерден,
Жаўшы келер туман елден,
Айрылсаң бағдағы гүлден,
Зарлағаннан мәни болмас.

Қыз ата-ана аманаты,
Келген болса сәлем хаты,
Мингил, жигит қаназатты,
Бәйгиден кешигип болмас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛАҲИЙ ЫШҚЫ

Бир дийдарды күттим, узақ изледим,
Көрмесемде жаздым арнап қосықлар,
Ол дүньяда бар деп исенген едим,
Ертеклерде табысқандай ашықлар.

Бир күни көргизбе залына бардым,
Қатып қалды нәзерим бир сүўретте,
Художник жанына барып сорадым,
Бул жигит ким, басқа кийген шөгирме?

Ол да ҳайран болып, қысты ийинди,
Кеўилге келгенин салғанман, тек сол,
Ядыңызға салдыма я әлле кимди?
Деп сораўға сораў жалғастырды ол.

Сен кимсең, жоқты бар қылып жасаған?
Кеўил айт, хожаңды алдағаның ба,
Сонда муҳаббат не: шын ба я жалған?
Тәғдир жазылған ба қәлем ушында...

## ЫРЫМ

Қышыды оң алақаным,
Сүйип бастым маңлайыма,
Киятыр қай қәдирданым,
Я ол жолға атландыма.

Айналайын, халқым сениң,
Ойлап тапқан ырымыңнан,
Сүйген ярым келсин мениң,
Ырым кетпей қырынынан.

Исенемен бәрине де,
Жақсылыққа жойып көрип,
Поезда я, самолётте,
Кеше жолға түсти анық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Екинши күн мине бүгин,
Қышыйды оң алақаным,
Есик әсте қағылғанда,
Тыпыршылап қалды жаным.

Тез-тез тарап шашларымды,
Жөнлестирип үсти басты,
Наз бенен есик ашғанымда,
Келип тур бир қара атлы.

— Мәтекениң үйи қайсы?
Сорайды ол асығыслы,
— Адастыңыз ҳей жолаўшы,
Излегениң жоқ бул жерде...

Қышғанды қойды алақан,
Кеўил үйим болды ўайран,
Не себептен күткен жанға,
Адасқанды жолықтырған...

## САҒЫНЫЎ

Сен мени сағынып жүрипсең,
Қайғыдан қамығып жүрипсең,
Сырыңды сатады көзлериң,
Сынаўда қағынып жүрипсең.

Намысың таўлардан бәлент пе?
Жасағың келмей ме жәннетте?
Алдымда бас ийсең нетеди,
Шек қойып мыңда бир зәҳметке.

Сеземен өзгеге қыймайсаң,
Менсиз кең жәҳәнге сыймайсаң,
Ышқыңды пинҳана асырап,
Кетсем, айт кимлерге сыйлайсаң?

Ғәниймет бул күним, ертеңим,
Аҳ шынға айланса ертегим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ атлы шаҳзадам оралсаң,
Сол мениң бахытқа жеткеним.

Дизгинсиз қыяллар сүрип мен,
Түсимде өзиңди көриппен.
Сәлемим жеткизер қосығым,
Мен сени сағынып жүриппен.

## НАЛА

Сен қуяшсаң өмиримди гүллендирген,
Сол себептен түнди таңға жалғағанман,
Бул не саўда, жақын барсам күйдиресең,
Сен қуяшсаң — ҳеш кимсени яр етпеген.

Сен теңизсең таслап қашқан өз жағысын,
Қумға нардай шөгип жатқан пароходпан,
Толып тассаң тербер еди ағысларың,
Әттең дәртиң аўыр сениң дүзелмейсең.

Сен дүньясаң тәшўиш ҳәм ғамға толы,
Қушағыңда жасаў бизге қыйын болды,
Сезбейсең де, көрмейсең де барлығымды,
Муҳаббат ол ким озарлық ойын болды.

Бир күни мен бултларға айланаман,
Ярын көрмес қуяш көзин байлаў ушын,
Төгилемен, өзимде ҳеш қалмағанша,
Теңиз толсын, дүнья умытсын тәшўишин!

## МЕНИ АЛДА

Мени алда, сулыў сөзлериң менен,
Исенип жасайын, сүйип жасайын,
Ышқыңда өмирлик күйип жасайын,
Мени алда сулыў сөзлериң менен.

Ашшы ҳақыйқатты айтпағыл маған,
Шийрин өмириме зәҳәр тамызар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир күн қайтаман де, болса да жалған,
Көзлерим жолында күтсин интизар.

Жүдә сағындым де, сүйип еркелет,
Бахыттан ентигип, көз жас төгейин,
Жалғызлық журтынан қутқар, алып кет,
Қыялларың менен дәўран сүрейин.

Опадар болайын, садық болайын,
Бийопа дүньяны көрер көзим жоқ,
Пүткил барлық билип, сизди сүйгенмен,
Тилден азар жетсе буған төзим жоқ.

Мен сынып кетемен сеннен айрылсам,
Мени өлтиреди ашшы ҳақыйқат...

## МЕННЕН КЕШИП

Меннен кешип гүллерди сүйдиң,
Баўры қара түнлерди сүйдиң,
Қолың созып, көктеги айға
Кеўил дағлап, эҳ жаман күйдиң.

Ай да саған қылмады опа,
Узақ күнге телмирдиң жолға,
Солып қалды сулыў гүллер де,
Ышқың себеп көп шектиң жапа.

Сағыныштан жас толды көзге,
Ынтық болдың бир шийрин сөзге,
Сулыў шырай алдамшы екен,
Сүйиклиңдей болмады өзге.

Бәҳәрлерден жүзиң бурдың ба?
Басын ийип, изге қайттың ба?
Муҳаббатты болмайды қорлап,
Меннен кешип, мени таптың ба?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПИНҲАНА ЫШҚЫ

Мен бир көзге көринбес адам,
Дүнья бойлап жаңлаған қосық,
Дийдарыма ынтық мыңлардан,
Яр өзиңди көргенмен артық.

Туўры, бундай жасай алмайман,
Дәрт тығына баўрым тилинип,
Қар ушқыны киби әрманым,
Кирпигиңе қалсам илинип...

Мен бир көзге көринбес адам,
Әтирапында гезермен ҳалсыз,
Жулдыз болып көктен қулайман,
Ай толысқан ақшам жылайсыз.

Тыныш қоймас аўыр қыяллар,
Мен бир көзге көринбес адам,
Дәртиңе ким даўа таба алар,
Излеп таппас муҳаббатыңман.

## ҮШ АЙ

Мен өзимди таный алмадым,
Қәддимди дал әйледи бир дәрт,
Үш ай болды қосық жазбадым,
Жетер енди, ояныўым шәрт!

Бүгин жаўын жаўды күн бойы,
Бултлардай болалмадым ўақ,
Босатаман кеўлимди қашан?
Гүз келгенде төгилген дарақ.

Бүгин жаўын жаўды күн бойы,
Шомылғанда ана тәбият,
Баттым қыял батпағына мен,
Пәкленбестен жасамақ уят.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш ай болды қосық жазбадың,
Кеўил, тасқа айландың ба, айт?
Сени женшип турмыс тәшўиши,
Көзде жасқа айланды ма, айт?

Айт, ишинде нени жасырдың,
Жөнетилмей қалды қайсы хат,
Түсиндиң бе, жаўын наласын?
Шүкирлиги жоқ ҳей адамзат.

Үш ай болды қосық жазбадың,
Сағындың ба, аўыл таңларың?
Қосықларға сыймас муҳаббат,
Аўылласым, қәдирданларым.

Сизлерсиз бул өмирим ғәрип,
Ойнап өскен, әзиз досларым,
Бир көрмесем болмайды барыш,
Атам еккен қара талларын.

Үш ай болды қосық жазбадым,
Тамағыма тығылған түгин,
Мен анамның меҳрин аңсадым,
Көз жас төгер поэзия бүгин.

Жетер сонша арыз қылғаның,
Несибели муратыңа жет,
Қосық жазыў кешикпес ҳаслан,
Билгенлерге, дийдар ғәниймет.

## КҮТЕМЕН

Түслериме енесең ҳәр кун,
Оянғым келмейди,
Мен ғәриппен сенсиз қалада,
Ойлағым келмейди.

Бул жәҳәнде сулыў бағларды,
Бойлағым келмейди,
Кеўилимде ашылған гүлди,
Қорлағым келмейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ай болмағыл көктеги күлген,
Талпынғым келмейди,
Суўық түнниң қойнында сени,
Қалдырғым келмейди.

Қыйнасада жанды айралық,
Бозлағым келмейди,
Бәҳәр қайтар, күтемен ынтық,
Шаршағым келмейди.

## АТА

Жүректиң орнында тас көрдим, ата,
Қылышсыз кесилген бас көрдим, ата,
Дүньяның көзинде жас көрдим, ата,
Толып кетсемдағы жылалмадым, ҳеш.

Қанаты қайрылған қус көрдим, ата,
Топанлар бастырған түс көрдим, ата,
Бул өмир жаңғағын пуш көрдим, ата,
Өз қәлбим бағына киралмадым, ҳеш.

Ғәзеп қанға толы көз көрдим, ата,
Душпанға айланған дос көрдим, ата,
Топыраққа қарысқан бөз көрдим, ата,
Жәрдем бермек жолын табалмадым, ҳеш

Байлық деп, жан берген бай көрдим, ата,
Аспанымда ярым ай көрдим, ата,
Суўы қурып қалған сай көрдим, ата,
Нәпси деген жаўдан қутылмадым, ҳеш.

Бәҳәрди солдырған гүз көрдим, ата,
Ҳақыйқат сөзлерде дуз көрдим, ата,
Қәлбимде бир дәртшил қыз көрдим, ата,
Өткинши дүньяда жасалмадым, ҳеш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕНИ КӨРГИМ КЕЛДИ

Көз алдымда күлимлеп турсаң,
Қайда барсам қыялымдасаң,
Жыллар өтип өзгергендурсаң,
Сени көргим келди.

Жолларыңа қарап шаршадым,
Қудайымнан сорап шаршадым,
Шыдай, шыдай, шыдап шаршадым,
Сени көргим келди.

Ышқы дәртке табылмай шыпа,
Жаныма көп әйледим жапа,
Қәлби тастан болған бийопа,
Сени көргим келди.

Аспанымды қара булт басты,
Тоқтата алмас кирпигим жасты,
Айралықта өмир азаплы,
Сени көргим келди.

Арзыўларда айып жоқ, жаным,
Дүньяларда айып жоқ, жаным,
Муҳаббатта айып жоқ, жаным,
Сени көргим келди.

Тәғдириме көнгим келмейди,
Жаныp, жанып сөнгим келмейди,
Әрман менен өлгим келмейди,
Сени көргим келди.

## АНАМА

Өмиримди безедим яр-дослар жыйнап,
Аброй атын миндим жанымды қыйнап,
Мал-дүнья топладым ертеңим ойлап,
Сиз ушын хеш бир ис қылмаппан, ана.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билим қуўып кеттим, узак жерлерге,
Меҳриң сүйеў болды аўыр демлерде,
Жол қарап, интизар күткенлериңде,
Бийғам, бийтәшўиш той тойлаппан, ана.

Муҳаббат отында өртеп бул жанды,
Уйқысыз атқардым талай таңларды,
Меҳирин қызғанған бийопа ярды,
Сизден де көбирек ойлаппан, ана.

Қыйналсам дәртимди дастурхан қылып,
Кеўлимди босаттым, қәддиңиз бүгип,
Қара шашыңызға қыраў қондырып,
Ессиз, өмириңизди урлаппан, ана.

Қағазды заялап сөзлер диздим мен,
Жалған мақтаўлардан бүгин бездим мен,
Бир ҳақыйқатты шыннан сездим мен,
Шийрин ҳәййиўиңиз сағындым, ана.

Жубата алмады шайырлық мени,
Көзим жаслап қойды тәғдир ислери,
Бийпаян дүньялар тарлық әйледи,
Көксиңизге басым қояйын, ана.

Душпан дузағына қағылып келдим,
Өкиниш ҳәйкелин тағынып келдим,
Сизге каабам дейип табынып келдим,
Маңлайымнан сүйип бахыт бериң, ана.

Өзгелер кеширмес гүнамнан кешип,
Үстимдеги төҳмет липасын шешип,
Меҳир суўы менен мени пәк етип,
Шадлық бесигине бөлеңиз, ана.

Перзентим деп урып турар жүрегиң,
Ең жақын достымсаң, арқа сүйерим,
Барлығыңыз бахтым, байлығым мениң,
Уллы ҳақыйқатты аңладым, ана!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎӘДЕ

Билемен, көргиңиз келеди мени,
Ынтыға күтесиз дийдар шағларын,
Ушыратып қалыўдан қорқаман сени,
Негедур бир тойып келер жылағым.

Билемен, түнлери уйқлай алмайсыз,
Аўыр гүрсинесиз гезип ханаМЫ,
Түслеримде маған күлип қарайсыз,
Шадлыққа толтырып ғәрип дүньяны.

Билемен, шийрин сөз күтесиз меннен,
Мийрим қыдырасыз ышқы жолында,
Мени күт, әлбетте, қайтып келемен,
Ҳәм мәңги қаламан кеўил бағында!

## ҚЫЗЫЛ, ЖАСЫЛ, ЗАПЫРАН

Ерте келген бәҳәрден, хабарыңды сорадым,
Дәртим тыңлап болдылар: қызыл, жасыл, запыран,
Әлем ханы қуяшқа арзым айтып жыладым,
Күйе-күйе күл болды: қызыл жасыл, запыран.

Жәрдем күттим самалдан, бултларды ақтарды,
Ләрзеге келди аспан: қызыл, жасыл, запыран,
Бәлент болса да таўлар, көре билмес жәҳәнди,
Пәске нәзер салсалар: қызыл жасыл, запыран.

Айбат шеккен толқынға ҳәўес етип қарасам,
Басын таска урады: қызыл, жасыл, запыран,
Бир хош гүл көрдиң бе? — деп бүлбиллерден сорасам,
Ашықлық азабы дер: қызыл, жасыл, запыран.

Дарақ жапырағындай қалтырайды бул жаным,
Қазан қайғысы урмыш: қызыл, жасыл, запыран,
Гезип таппай жәҳәнди, делбе ашык атандым,
Сенсиз өткен өмирим: қызыл, жасыл, запыран.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАБЫЛМАС

Өткинши өмирде ҳәммеси жалған,
Шайтан кеўиллерге ғулғула салған,
Кеширимли шын дос өмирде саған,
Анаңдай мийирман инсан табылмас.

Дүнья-мал жолында намысың сатпа,
Қыз жолы нәзикдур қалма уятқа,
Ылайықдур ҳаял гөззал бахытқа,
Қазан урса бағда гүллер табылмас.

Шалқып жат журтларда болғанша султан,
Өз елиңде жақсы шопанлық қылған,
Таўсылмас сағыныш, Бабурға әрман,
Ўатаныңдай әзиз топырақ табылмас.

Ўақыт ағып барар дәрьядур, дәрья,
Егленип бирадар жолыңнан қалма,
Сизди уллы ислер күтер алдында,
Ертеңги күн гүл жаслығың табылмас.

Жүрек алдамайды, қулақ сал оған,
Муҳаббат жолында адасқан жаман,
Өз ярыңнан қалма, қыл жанды қурбан,
Излесең де оныңдай дилбар табылмас.

## СОРАНЫЎ

Әй мени жоқтан бар еткен, Тәңирим,
Дәрт бердиң разыман, даўасын бергил,
Кеўли кир дүньяда жасай алмаспан,
Бейиштиң бес күнлик ҳаўасын бергил.

Ғыйбат тасын атты маған наданлар,
Бунша арзан болды әзиз өмирим,
Жығылсам бийпәрўа өтти адамлар,
Өзиме-өзимди дос еткил, Тәңирим.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Илҳам-йош жәллады төксин қанымды,
Өлсем бир пәкленип, сөзде өлемен,
Сақыйман — садақа әйлер жанымды,
Лекин ышқым себеп бир тиленшимен.

Арзыўлар жолында адассам билмей,
Туўры жол көрсетиң, меҳрибан ийем,
Дәртимде жанып күл болып кетпегей,
Анамды асыраң! — деп тиленемен!

## МЕНИ ТЫНЫШ ҚОЙЫҢ...

Мени тыныш қойың, адамлар,
Өз өмирим жасайын өзим,
Мени тыныш қойың, қыяллар,
Аспан емес жерде жүрейин.

Мени тыныш қойың, муҳаббат,
Азабыңа көмилгим келмес,
Қыйнамастан кет сабыр-тақат,
Ўақыт күтип турыўды билмес.

Жолым тоспай шетке шық, дүнья,
Тоқтат енди, тәғдир сазыңды,
Бир жыл емес, бир минут ғана,
Тыңлармедиң айтсам дәртимди?

Мени тыныш қойың, илтимас,
Илҳам келди қосық жазайын.

## ӨЗ ҮЙИМ

Узақта, дүньяның бир шетинде,
Бәлки қыялына келмес ҳеш кимниң,
Тоғай арасында киши бир үйде,
Жамбаслап жатады сап ышқым мениң.

Оны сағынаман қайда болсам да,
Олсыз дүнья кемтик көринер маған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сарайдай үйлерде түнеп қалсам да,
Қараңғы, тар өжирени аңсарман.

Анамның меҳирин сезиндим онда,
Әкемниң көзинде атты таңларым,
Үй таман баслаўшы соқпақларына,
Өмирлик тутасқан жүрек жолларым.

Кеўил қәтержамдур, бахыттан мәспен,
Мени излеп табалмайды тәшўиш-ғам,
Өз үйиң — өлең төсегин, деген,
Ол киби болалмас ҳәтте бейиш ҳәм!

## САҒЫНЫШ СЕЗИМИ

Теңизим дәрьясын сағынып күтер,
Жағысын сағынар, және тоғайын,
Ҳалына бултлар жыласа нетер,
Тоқтатып қәҳәрли шөлдиң самалын.

Бүлбил бир сағынса гүлди сағынар,
Бул туйғыға шыдап билмес пәрўана,
Қолда өскен кийик шөлди сағынар,
Түсинде өз елин көрер дийўана.

Бағлар да сағынар бәҳәр жамалын,
Жаслығын аңсайды қартайса инсан,
Ашықлар күтеди дийдар шағларын,
Ярдың шийрин сөзи дәртлерге дәрман.

Туўылажақ өз перзентим — сөзимди,
Түнлери сағынып күттим интизар,
Жолларға қарайсаң, жаслап көзиңди,
Сен кимди сағындың, әзиз бирәдар?

## ДЕКАБРЬ

Қыстың басламасы, жылдың ақыры,
Декабрь, сен келсең кеўлим музлайды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Негедур мен бийғам жасағым келер,
Ўақыт тоқтамайды, өмир зымырайды.

Қабағың үйилген, қәҳәриң жаман,
Бәлки адамзатқа сабақ берерсең,
Үйде шарып тоқыр мийирман анам,
Қызын асырамақшы қақаман күннен.

Әне, мениң сондай мийирманым бар,
Лекин сен ҳеш те қапа болмағыл,
Мың бир айыбыңды жуўар ақша қар,
Кеўлиңде барыңды төккил, декабрь.

Өмирин таўысқанда бир жас улғайдым,
Және бир тәшўиш түсти басыма,
Тәбият уйқлады, ал мен ояндым,
Жол алдым жаңа жыл босағасына.

## ҚОРҚЫЎ

Түсимде сен үйленипсең,
Дым сескенип ояндым мен,
Қайғы басты, қара басты,
Түсимде сен үйленипсең.

Татымады жеген тағам,
Жағдайымды сезип анам,
Не болды? — дер айталмайман,
Түсимде сен үйленипсең.

Қолым иске бармай қалды,
Мың бир сораў қармақ салды,
Ким еди сол үйленгениң?!
Түсим жуўмақланбай қалды.

Бәлким мендур ким биледи, —
Деп жубаттым өз өзимди,
Исенбеймен, жалған дедим,
Түс дегени шайтан иси.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Эҳ, түсимде үйленипсең,
Узақ күнге жыладым мен,
Сүйгениңнен айра түсиў,
Жаман екен, жаман екен!

## АҢСАЎ

Тәшўишли дүньядан безип,
Қыялларға жипсиз бағындым,
Бирге жүрген бағларды гезип,
Билсең сени жүдә сағындым.

Таслап кеттиң мени кимлерге,
Хошласыўға үлгермей қалдым,
Кетериңди егер билгенде,
Аяғыңа бас урар едим.

Келермеди сонда реҳимиң,
Яқ, жанымда қалалмас едиң,
Бүгин және өзиңди көрдим,
Бурылып та қарамас едиң.

Ойнар едиң балалар менен,
Орпаң қумды көкке суўырып,
Жеталмадым сениң изиңнен,
Жалаң аяқ сонша жуўырып.

Кең саҳрадай кеўилим сенсиз,
Жетимсиреп қалғандай болды,
Бир тоқтамай алып қашады,
Бул жүўенсиз ўақыт тулпары.

Кеўлим сенде қалып кеткендур,
Ойнап өскен қумлы далалық,
Сағынаман бәрҳә өзиңди,
Өмирим бәҳәри — балалық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МУҲАББАТҚА

Кеўилге сораўсыз кирген,
Күтилмеген мийманбысаң,
Қайтарған жаман ислерден,
Көзди ашқан иймaнбысаң?

Жолларымды жарық қылып,
Жағылған түнги шамбысаң?
Өлгенде қайта тирилтер,
Берилген қырқ жанбысаң?

Сақыйлықтан сабақ берген,
Нәпсиге бас душпанбысаң?
Гейде ақыл жолын тосқан,
Қарақшы я бажбанбысаң?

Бағынбаған, бойсындырған,
Өмирликке султанбысаң?
Кимге бахыт инәм еттиң,
Кимлергедур әрманбысаң?

Дәрт ҳәм азап қанында бар,
Саўалмастай наўқаспысаң?
Табалмадым ҳеш тәрийпин,
Шынбысаң я жалғанбысаң?

## САЎҒА

Узақтаман, лекин кеўлим сендедур,
Бүгин және түслериме енипсең,
Бийхабарман, сениң кеўлиң кимдедур?
Қыялларың менен тири жүриппен.

Сениң көзлериңде атты таңларым,
Әттең, бир көрмедиң Ләйлиниң ҳалын,
Гүзлерди сарғайтты сағынышларым,
Қашан бәҳәр болып келесең, жаным?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баралмадым, бүгин туўылған күниң,
Терезе алдында үнсиз жыладым,
Сүйиклим, қабыл ет сауғамды мениң,
Самаллардан сизге поса жолладым.

## АНА ТИЛИМЕ

Еситкенмен даўысыңды ҳәййиўинде анамның,
Атың сени жазылған наласында бабамның,
Әсирлердиң асыраған, өлмес қарақалпағым
Тоты емес бүлбилмен, бардур мениң өз гүлим,
Шәмензар бағ ишинде сулыў гүл ана тилим.

Мисли палдай татлысаң, ашыўлансаң зәҳәрсең,
Күндизи қуяшымсаң, түнде жолшы жулдызсаң,
Әжинияզсаң, Бердақсаң поэзияда бахтымсаң,
Тоты емес бүлбилмен, бардур мениң өз гүлим,
Шәмензар бағ ишинде сулыў гүл ана тилим.

Әлем бойлап ушар болсам, өзиң қанат байладың,
Сен арқалы өмирди, өзлигимди аңладым,
Келшегим пәраўан — ғәрезсиз жол таңладым,
Тоты емес бүлбилмен, бардур мениң өз гүлим,
Шәмензар бағ ишинде сулыў гүл ана тилим.

* * *

Кеўил тербеп жаздым талай қосықты,
Қосық пенен жеңдим талай тосықты,
Өмиримниңең гүллеген мәҳәли,
Сораўларға берип қойдым жаслықты.

Жуўап таппай муҳаббатқа бас қатты,
Мәнзили жоқ көзлеримде жас қатты,
Түн көшкенде аппақ қағаз жүзине,
Кимлергедур бийғам, гөззал таң атты.

Эй байғус жан, саған меҳрим кемирек,
Сени қысып жай излеймен кеңирек,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақты болыў ушын жүрер жолларым,
Илтимасым, өртен жәнe көбирек.

Сақый достым келтир илҳам шарабын,
Қуўырайын сөздиң татлы кабабын,
Қарын емес кеўиллерди тойдырыў,
Ата кәсип, мениң сүйген талабым.

Өз кеўлимди табалмадым бирақта,
Қыял шарлай берер узақ-узаққа,
Мен өзимнен кешип, сиз деп жасайман,
Муҳаббатым шексиз қарақалпаққа.

Ана халқым нур болайын көзиңе,
Өмирим қосып бердим ҳәр бир сөзиме,
Бүлбилдей сайратқан, кеўил жубатқан,
Айтар алғысым көп ана тилиме.

## КИМ БАР

Суў бойына бармаған ким бар,
Суўға нәзер салмаған ким бар,
Жаннан артық сүйген ашығын,
Түслеринде көрмеген ким бар?

Балалықты аңсамас ким бар,
Байлық деп жан қыйнамас ким бар,
Бул өткинши өмирде, достым,
Меҳир бардур, кеўилде кир бар?

Бағдан гүллер термеген ким бар,
Жаслық гәштин сүрмеген ким бар,
Ғаррылық бир тик жар жағасы,
Бул шоққыға минбеген ким бар?

Бәҳәрдиң де келген гүзи бар,
Өмирдиң де қыс ҳәм жазы бар,
Инсанларды ойнатып қойып,
Бул тәғдирдиң шертер сазы бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨТИНИШ

Кеўлиме саясын салды әрманлар,
Жанымды отларға жақты жалғанлар,
Меннен бәлент турды қәдири арзанлар,
Тик қәддимди қандай бүгейин, әке.

Мәртебе жолында мыңлар таласты,
Қартайған ҳақыйқат жүзин шаң басты,
Дүньяны көрмейин көзлер адасты,
Сөнбес шырақ қайдан табайын, әке.

Кимдир өмир бойы байлық топлады,
Ал базылар жемеге нан таппады,
Ким жылады, кимлер кеўлин хошлады,
Ҳәтте ай жүзинде дақ барғой, әке.

Дос деп исенгеним мени сатқанда,
Жүрегим муз болып тәнге батқанда,
Дәрья қурып, таўлар қулап атқанда,
Мен кимлерге арқа сүйейин, әке.

Бәлким, қуяш болып батып кетермен,
Бәлким, саҳраларды мәкан етермен,
Көзим жаслап бул дүньядан өтермен,
Маған күлмекликти үйретиң, әке.

Қус киби сайрайман тынбай бир нәпес,
Мени тутқын еткен дүнья бир қәпес,
Ата-баба айтқан «ҳештен гөре кеш»,
Жасамақ үрдисин үйретиң, әке...

## БАРМЫСАҢ?

*(70 жаслы атаның биринши муҳаббатын еске алыўы)*

Көриспедик қанша жыл болды,
Келип қалдық өмир гүзине,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сум айралық бизге тор болды,
Бармысаң бул жердиң жүзинде?

Сағыныштан ағарды шашым,
Қайғы әжим салды жүзиме,
Қол жетпеген пәк муҳаббатым,
Бармысаң бул жердиң жүзинде?

Сени көрген күнимнен баслап,
Тутқын едим отлы сезимге,
Жуўапсыз бир сораў қыйнайды,
Бармысаң бул жердиң жүзинде?

Ҳеш ким кеўлим дәртин билмейди,
Өмирим өтти жолға термиле,
Түнлер көзге уйқы келмейди,
Бармысаң бул жердиң жүзинде?

Қосығымды жолламақтаман,
Сәлемнама қылып өзиңе,
Дийдар несип етермекен, айт!
Бармысаң бул жердиң жүзинде?

## ҚЫЯЛ МЕНЕН ЖАСАЎ

Қыял менен жасамақлық зор дейди,
Излеп таппағаның, табылар оннан,
Қыял, самалдан да еркинирек дейди,
Оған жылаў салалмаған ҳеш бир жан.

Қыял қанатында жетип Марсқа,
Таўлардан да бәлент сарай қурылған,
Бүлбил сайрағанда гүл өнип тасқа,
Ашықлар ҳәр ақшам дийдарға қанған.

Қыял, бийлеп алған пүткил дүньяны,
Ол жеңилместей дәўжүрек батыр,
Өмир қысқа, лекин инсан әрманы,
Жас мингени сайын артып баратыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Keўилди жубатқан қыял-ойларым,
Жалғанлығын билип жүрегим ашыр,
Сен келсең, бәрине ноқат қояман,
Қыял менен жасаў өлимнен аўыр.

## ДОСЛАР

Бул күн ғәниметдур, кешеги өтмиш,
Ертеңги келешек етер ме несип?!
Өмир де қолыңнан суўырылып кетмиш,
Ким жылаўын тутып қалалған дослар.

Мени мақтай-мақтай көкке көтермең,
Мен қуяш емеспен, жулдыз емеспен,
Жерде туўылғанман, жерде өлемен,
Топырақтан бийнесип етпегей, дослар.

Байлық ушын муҳаббаттан кеш демең,
Мениң ҳеш исим жоқ дүньялар менен,
Кеўил қулыдурман, сөзден бар дәмем,
Сақый болсаң, бизге йош бергил, дослар.

Қолым байласаң да, көзим байламаң,
Ойнасаң да, кеўил менен ойнамаң,
Сыртымнан тон пишип, бойым бойламаң,
Дос болсаң айыбым жүзге айт, дослар.

Сулыў деп гүллерди үзиўши болмаң,
Нәпси ийти торын бузыўшы болмаң,
Жаннан кеш, ўәдеден безиўши болмаң,
Еки дүнья ғамын бөлискен, дослар.

## ЖҮР ҚАЙТАМЫЗ АЎЫЛҒА

Оқып жүрмен алыс қалада,
Асқар таўдай арзыўларым бар,
Жүр қайтамыз, достым аўылға,
Анам мени сағынған шығар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шынын айтсам кеўилим аңсар,
Шашым сылар меҳрибан қолды,
Мени бәрҳә өзине шарлар,
Аўылымның тар соқпақ жолы.

Сол жоллардан талай мектепке,
Дослар менен қатнағанларым,
Шықпас мениң ядымнан ҳеш те,
Ертектейин өткен жылларым.

Қайталмаймыз балалық шаққа,
Қумартсақта қанша сағына,
Буған қапа болмайық ҳасла,
Жүр қайтамыз, достым аўылға.

Жүрегиме йош берген мудам,
Аўылымның гөззал жамалы,
Сондай сада, сондай мийриман,
Мийнет сүйгиш ҳәр бир адамы.

Өмиримниң безеги олар,
Қанат байлар арзыўларыма,
Айт, дийдардан татлырақ не бар?!
Жүр қайтамыз, достым аўылға.

## ӨТМИШТЕГИ МУҲАББАТ

Өткен күн, өтип кетти,
Келешекти ойлаў керек,
Не себеп өтмиш ушын,
Бул жанды қыйнаў керек?

Неге мен жылап турман?
Өткен күн мисли ертек,
Бахытлы болыў ушын,
Тек ғана күлиў керек.

Ертеңим сенсиз қандай?
Қараңғы, дым қараңғы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барыўға қорқып турман,
Қараңғы, дым қараңғы.

Өтмишке ораламан,
Бос қойып қыял атын,
Мен сенсиз жасалмайман,
Биринши муҳаббатым.

## ЖАЗА БЕРМЕ

Көз көрекли үлкен жолда
Аяқларын шатып, басып,
Келер ғарры, кемпир сонда,
Ақыл айтар, күйип-писип:
Ише берме, ише берме!

Қараңғы түн, суўық самал,
Жулдыздай дәрт балалатып.
Уйқламастан отыр ҳаял,
Жигит келер, гәзди басып:
Күте берме, күте берме!

Еки емес, төрт көз бенен,
Қарап, жүрек баўрын езип,
Бақырғанда баслық төре,
Хызметкери яқшы — дер, тек:
Сөге берме, сөге берме!

Шайырлар жүр гәп таласып,
Оқығанда мазаң қашар,
Бабалар айтқан ертеде,
«Сөздиңдағы обалы бар»,
Болар-болмас жаза берме!

## БАХЫТ

Жолларымды тосып бир палкер,
Тексереди алақанымды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәм айтады азырақ пул бер,
Мен ашайын сениң бахтыңды.

Берип оған соңғы пулымды,
Мен недендур үмит етемен,
Кеўлимдегин табалмаған соң,
Қысылғаннан музлап кетемен.

Мени бағда күтеди достым,
Узақ китап оқыймыз бирге,
Жазысамыз, сәўбетлесемиз,
Тәрийп берип бүгинги күнге.

Жолымызда күтер жигитлер,
Бизге бахыт сыйламақ болар,
Муҳаббатын жоллар жигитлер,
Бәлки мәзи сынамақ болар.

Мени ҳәтте күтеди бәҳәр,
Жигирма бес жас ашады қушақ,
Дийдарыма ынтық пасыллар,
Мен күтиўден шаршадым бирақ.

Тапқаным жол, жоғалтқаным жол,
Бахыт журтын излеймен сарсаң,
Жүзинде нур, шашында қыраў,
Үйде мени күтеди анам.

## САМАЛҒА ШАҒЫМ

Қыялларым тозғытты гүз, тозғытты,
Үзилди тәнимнен сарғайған жүрек,
Самалға жалындым «жеткер мәнзилге»,
Мен оны соңғы рет көриўим керек!

Жасамадым, жасаўға мәжбүрлер киби,
Қорқыныш қойнында өтти өмирим,
Менде имкан жоқдур, менде жалғыз жол:
Айралық қосығын айтпақ тәғдирим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўил дәртлеримди билмегей ҳеш ким,
Бир ҳақыйқатты жасырғаным рас,
Қулақты беркиттим, тилим тиследим,
Лекин көзлеримнен тыйылмады жас.

Бүгинши, алдырып қойдым жүректи,
Енди бәҳәрлердиң қайтқаны бийкар,
Самал, қой бозлама, оятпа ярды,
Шийрин түслер көрип атырған шығар...

## БОЛАРМА?

Өзиңди көрдим мен дүньяны көрдим,
Өмир де, буншелли гөззал болар ма?!
Муҳаббат отында өртендим, күйдим,
Кеўилде ашылған гүллер солар ма?

Жүректи көширдим аппақ қағазға,
Оқыған ашықлар сырлас болар ма,
Бахыт излеп, атландым узақ сапарға,
Сүйикли яр бизге жолдас болар ма?

Бул ышқым от алды пәрўана қайда,
Бүлбил гүлин излеп сарсаң болар ма?
Таўларға шықпасаң долана қайда,
Ашыққа жан деген қайғы болар ма?

Мени тутқын етип, гөззал бир қыял,
Келдим, келмесликке жүрек қояр ма,
Кеўилиң есигин ашып күтип ал,
Мийманды ренжитпек әдеп болар ма?

## АЙТАРЫМ КӨП

Қыял сүрмей жасай алмайман,
Үмитимди сөндирмеймен ҳеш,
Арзыўларды шыннан ақлайман,
Мәртлигимди өлтирмеймен ҳеш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүнья мениң қәлбимде жасар,
Жол ашады узақ-узаққа,
Илҳам-йошым дәрьядай тасар,
Сыймайды ол том-том китапқа.

Жазғанымда самалдың леби,
Мөлдир суўдың сыңғырлысы бар,
Тәрийплемек болсам өмирди,
Бәҳәр, жазы, гүз ҳәм қысы бар.

Ҳәр пасылда мың бир синаят,
Ҳәр бәҳәрдиң айтар сөзи бар,
Ҳәр жүректи өртер муҳаббат,
Ҳәр ашықта Мәжнүн көзи бар.

Әсир түскен гөззаллықларға,
Жүрек байғус қәпесте туўлар,
Дүпир-дүпир шаўып қайларға,
Баслап барар мени бул тулпар.

Билмей турман, мәнзил жақын ба?
Аспан ҳәм жер тутасқан ноқат,
Айтарым көп ана халқыма,
Жазалмадым еле сәлем хат...

## БӘҲӘР КЕЛДИ

Қуслар сайрап мың муқамда,
Суўлар сайды сылдырлатты,
Шадлық орнап, ҳүр ўатанда,
Әзиз мийман есик қақты.
Бәҳәр келди, бәҳәр келди,
Кеўлим сен де оян енди!

Самал ойнап қыр қойнында,
Бир хош ийис мәс етеди,
Жасыл либас кийген дала,
Гөззал қыздай наз етеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәҳәр келди, бәҳәр келди,
Кеўлим сен де оян енди!

Қарлығашлар көз моншақтай,
Сымға қатар дизилискен,
Уя ушын ақтарар жай,
Ибрат ал бул мәжилистен.
Бәҳәр келди, бәҳәр келди,
Кеўлим сен де оян енди!

Жақсы тилек тилеп халқым,
Жас келинди қарсы алды,
Жоқ па сениң айтар гәпиң?
Эй гөззаллық интазары.
Бәҳәр келди, бәҳәр келди,
Жетер, кеўлим, оян енди!

## ҮМИТИМ

Шадлықтың шарабы мәс қылды,
Кеўилге ышқыны дос қылды,
Қартайған дүньяны жас қылды,
Себеби сен барсаң үмитим.

Өмирим бергисиз алтынға,
Керекпен өз туўған халқыма,
Көзмоншақ тағайьн бахтыма,
Себеби сен барсаң үмитим.

Ертеңим гөззалдур бүгиннен,
Налынғым келмейди тәғдирден,
Өрлесем бәлентке өрлеймен,
Себеби сен барсаң үмитим.

Ушыўдан талмайды қанатым,
Мийтиндур бул сабыр-тақатым,
Ҳасылға дөнеди мурадым,
Себеби сен барсаң үмитим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӨРЕТИЎШИЛИК

Түсинбедим бул өмирдиң заңына,
Дүньяның бес күнлик мийманларына,
Еле өзимди де танығаным жоқ,
Ашынып кетемен анажаныма.

Әкемниң қәдди де бүгилип барар,
Салмағын желкеге артады жыллар,
Маған ҳаўа жетпес, өмир тозаңлы,
Бизди қайда баслар тәшўишли жоллар?

Достымның көзинде жас көрдим бүгин,
Жүректиң орнында шешилмес түгин,
Еле туўылмадым, жасамадым да,
Мен қашан гүллеймен, қайда бәҳәрим?!

Илҳам-йош шарабы мәс етер ҳәр күн,
Ақ қағаз үстине жығылады түн,
Қуяш күлгенинде көзим жумаман,
Мени ота алмас көшеде шаўқым.

## АЎЫЛҒА ОРАЛЫЎ

Шадлығымның шеги жоқ,
Толып-тасып бараман,
Кең саҳраны суўғарып,
Бағы бостан қыламан.

Күлки болып туўылып,
Жүзлерди жайнатаман,
Шийрин сөзди ийирип,
Тиллерди сайратаман.

Айландырып дүньяны,
Өзиме қаратаман,
Ҳәмме ҳәўес еткендей,
Бахытты жаратаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуяштай меҳир нурын,
Тынбастан таратаман,
Инсаният жүрегинде,
Муҳаббат оятаман.

Шадлығымның шеги жоқ,
Толып-тасып бараман,
Еркелетип бир сүйиң,
Сағынғанман анажан!


www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Толғаныс ........ 3
Әкеме ........ 4
Муҳаббат ........ 5
Кетейик ........ 6
Жүрек ........ 6
Бизди түсинбес ........ 7
Жамғыр наласы ........ 8
Қайтады ........ 9
Дүньяның периштелери ........ 10
Әзизим ........ 10
Дийдар ушын шарлайды дүнья ........ 12
Ықырарлық ........ 12
Кеўил сөзи ........ 13
Муҳаббатың оятсын мени ........ 13
Музыка ........ 14
Ушырасыў ........ 15
Бир сөз ........ 15
Қыялдағы қосық ........ 16
Жубатыў ........ 17
Сорарым көп ........ 17
Соңғы имкан қүдирети ........ 18
Ҳақыйқат тилинен ........ 19
Исеним ........ 20
Ўатан ........ 20
Қар жаўған күн ........ 21
Сен келесең ........ 22
Тутаспаған жоллар ........ 23
Болмас ........ 24
Илаҳый ышқы ........ 24
Ырым ........ 25
Сағыныў ........ 26
Нала ........ 27
Мени алда ........ 27



www.ziyouz.com kutubxonasi

Меннен кешип ........................................ 28
Пинҳана ышқы ........................................ 28
Үш ай ........................................ 29
Күтемен ........................................ 30
Ата ........................................ 31
Сени көргим келди ........................................ 32
Анама ........................................ 32
Ўәде ........................................ 34
Қызыл, жасыл, запыран ........................................ 34
Табылмас ........................................ 35
Сораныў ........................................ 35
Мени тыныш қойың... ........................................ 36
Өз үйим ........................................ 36
Сағыныш сезими ........................................ 37
Декабрь ........................................ 37
Қорқыў ........................................ 38
Аңсаў ........................................ 39
Муҳаббатқа ........................................ 40
Саўға ........................................ 40
Ана тилиме ........................................ 41
Ким бар ........................................ 42
Өтиниш ........................................ 43
Бармысаң? ........................................ 43
Қыял менен жасаў ........................................ 44
Дослар ........................................ 45
Жүр қайтамыз аўылға ........................................ 45
Өтмиштеги муҳаббат ........................................ 46
Жаза берме ........................................ 47
Бахыт ........................................ 47
Самалға шағым ........................................ 48
Боларма? ........................................ 49
Айтарым көп ........................................ 49
Бәҳәр келди ........................................ 50
Үмитим ........................................ 51
Дөретиўшилик ........................................ 52
Аўылға оралыў ........................................ 52



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Несибели МАМБЕТИРЗАЕВА**

# ДИЙДАР УШЫН ШАРЛАЙДЫ ДҮНЬЯ

«Билим» баспасы
Нөкис — 2016

Редактор *З. Өсербаева*
Художник *Б. Рейпназаров*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *А. Бегдуллаева*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилди 5. 02. 2016-жыл. Форматы 84x108 $^{1}/_{32}$. «Shkolnaya KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 1,75 б.т. 2,93 шәртли б.т. 2,18 есап б.т. Нусқасы 700 дана. Бахасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № 61.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

Электрон мәнзил: bilim.baspa.@bk.ru

ЖШЖ «NISO POLIGRAF» типографиясында басып шығарылды.
Ташкент областы, Ўрта Чирчиқ районы «Оқ ота» КФЙ, п.
Маъшал, Марказ көшеси, 1.

www.ziyouz.com kutubxonasi